Prevent Child Abuse Indiana™
A Division of The Villages
A Chartered State Chapter of Prevent Child Abuse America

INDIANA Kids First CARE PREVENTING CHILD ABUSE

SEKIRITE NAN DLO

EDIKE TÈT OU

Sant pou Kontwòl Maladi a (CDC) rapòte se pi gwo kòz blesi ak lanmò pou timoun laj 1 a 4 an nan tout peyi a. Chak jou Ozetazini, gen yon mwayen 11 lanmò ki fèt pa entansyonèlman, avèk yon total anyèl de prèske 4,000 mò. Nan Indiana, yon total 216 ka lanmò pou moun ki nwaye ki te fèt ant 2018 ak 2021.

Sipèvizyon
Nou dwe siveye timoun konstanman depi gen yon dlo toupre a, menm si timoun nan konn naje. Asire toujou gen yon moun ki toupre timoun nan, espesyalman timoun ki pi piti pase laj 5 an.

Pa Kite Jwèt Pou Kont Yo
Pa janm kite jwèt nan dlo, kòm timoun ka eseye antre dèyè yo. Epitou, nou dwe evite sèvi ak flote klò ki nan fòm ti bèt/jwèt tou si w gen timoun piti.

Jete Dlo
Vide ti pisin potaje, benwa, bokit, oubyen nenpòt bagay ki ka kenbe dlo, epi vire yo tèt anba.

Pisin
Kouvèti sekirite pou pisin ak alam bay plis pwoteksyon. Gade nan dlo ki nan tout pisin pou asire dlo a pa nyaje.

Pisin Kominotè
Si w gen yon pisin kominotè, asire gen yon sovtè ki prezan, men sovtè yo pa babysitter!

Pisin Anwo Latè
Kenbe nechèl, mèb patyo ak jwèt lwen pisin anwo latè yo. Timoun piti pi fò nan grenpe pase sa w ka panse.

Distraksyon
Minimize distraksyon (selilè, aparèy elektwonik, vizite lòt moun).

Kloti ak Pòtay
Lite pou gen kloti ak pòtay ki fèmen ak kle nan pisin piblik, letan retansyon oubyen kèlkeswa plan dlo. Se sèl granmoun ki dwe gen kle. Nou rekòmande kloti 4-bo ki wotè omwens 4 pye. Baryè a dwe enkli yon pòt ki fèmen pou kont li, epi ki take pou kont yo ki timoun pa ka lonje rive sou yo pou louvri yo. Mèb pisin dwe rete lwen kloti a konsa yo pa ka kanpe sou yo.

Edikasyon pou Timoun
Montre timoun yo ki danje ki genyen nan dlo, enpòtans jilè sovtaj ak plonje nan dlo ki pa fon. Montre menm timoun ki pi gran yo ki danje ki genyen nan benyen nan rivyè oubyen lak san bon sipèvizyon oubyen jilè sovtaj. Raple yo sou danje nan plonje oubyen jonpe nan dlo, espesyalman si yo pa ka wè tè anba a. Jwèt danjere se pa yon bagay pou fè nan dlo.

Dlo Konjele
Evite glas sou lak, letan, sous dlo, ak pisin. Li difisil konnen si glas la pwès oubyen stab. Tonbe atravè glas la kapab lakòz moun nwaye, mouri, oubyen lòt konplikasyon sante grav tankou ipotèmi.

Evite Alkòl
Bwè alkòl bò dlo kapab yon gwo risk. Entoksikasyon ka afekte jijman w, li ka mennen nan konpòtman kote moun pran plis risk, mank kowòdinasyon, ak tan reyaksyon ki afekte.

Nou tire kèk enfòmasyon nan men Sant pou Kontwòl Maladi, USAWaterQuality.org, Kwa Wouj Ameriken, Safekids.org, ak Ministè Sante Indiana a.

EDIKE TÈT OU KONTINYE

Tanperati
Nou dwe fikse aparèy chofaj dlo lakay sou 120° Fahrenheit. Epitou, paran ak gadyen ka ajoute aparèy anti-brili pou asire dlo cho nan kay la an sekirite pou timoun.

Sekirite pou Timoun Piti
Kenbe kouvèti chèz twalèt yo desann alantou timoun piti

Se Lalwa
Lalwa nan Indiana di timoun ki pi piti pase laj 13 an dwe mete yon Jilè Sovtaj ki Apwouve pa Gad Kòt Ameriken an pandan yon bato ap kouri. Jilè sovtaj pa ranplase sipèvizyon adilt.

Leson Natasyon
Anwole pitit ou ak ou menm nan yon kou natasyon. Leson natasyon kritik pou anpeche lanmò nan nwaye.

Edikasyon Sekou
Aprann CPR epi kenbe ekipman sekou, telefòn ak nimewo pou rele nan ka dijans toupre tout pisin.

Babysitter ak Fanmi
Edike tout moun ki ka veye pitit ou sou sekirite nan dlo. Enspekte pwopriyete yo epi mande yo sou kèlkeswa potansyèl pou pitit ou te ka bò dlo.



FÈ YON PLAN

Tout moun renmen dlo, epi li ka pòte anpil plezi, men o menm tan li ka pòte trajedi tou. Avèk planifikasyon senp nou ka ede asire sekirite tout moun.

PCAIN.ORG

PLIS APWOPO NOU MENM

Anpeche Abi Timoun Indiana devwe nan anpeche abi ak neglijans timoun. Lè nou fè sa, nou fè Indiana vin yon kote ki pi sekiritè e pi bon pou timoun nou yo.

ENFO AK RESOUS
Pou plis enfòmasyon sou prevansyon ak parantalite, ak resous, ale sou sitwèb sou oubyen rele **1.800.CHILDREN** (1.800.244.5373)

RAPÒTE ABI TIMOUN
Pou rapòte abi ak neglijans timoun, tanpri rele **1.800.800.5556**

SIPÒTE EFÒ NOU YO
Ede sipòte efò nou yo nan tout eta a pou anpeche abi ak neglijans timoun lè w achte yon Plak Machin Kids First. Pase nan BMV lokal ou a oubyen sou www.in.gov/dcs/2456.htm pou plis enfòmasyon.